Chinyorwa Pamadziro

Chino chiri Chitatu usiku, ndakavimbisa usiku hwapfuura, kuti ndaizotaura, kana Ishe atendera, usiku wanhasi, pamusoro penyaya: *Chinyorwa Pamadziro*. Chinhu chaka . . . Oh, tingapedza mavhiki panyaya iyi, tikasambobata pamusoro payo. Asi ndichaedza kungoratidza zvishoma zvayo usiku hwanhasi, nokubatsira kwoMweya Mutsvene. Zvino ndinoda kuverenga kuna Dhanieri, chitsauko cheshanu ndima yamakumi maviri neshanu (Dan. 5 vs. 25) Zvino inoti.

Zvino zvakanyorwa ndizvozvi,

MENE, MENE, TEKERE, UFARSINI.

Zvino Ishe Vawedzere maropafadzo Avo pakuverengwa kwaitwa.

2 Handizivi kuti hama yedu yakanaka, vanochengeta pano, vangadzima magetsi aya anopenya here. Ndiri ku—ku . . . Ari kuteya kunouku. Ndatenda, chaizvo. Handisi kukwanisa kuona vanhu. Zvino kana ndichitaura kuna ani zvake, ndinoda kuona kumeso kwavo ndichitaura. Zvinoratidza hanya navanhu.

3 Zvino tiri kuvimba naShe wedu, usiku huno, tichiedza kuti nditore nguva kutaura panyaya iyi. Ndinoziva kuti inyaya huru. Uye imharidzo yokuvhangera kwete yokupodzwa kwavarwere. Asi ndeyoKupodzwa kunopfuura kose. Mutumbi unoutenda panyika wandinoziva manheru ano, Mutumbi paMweya waShe Jesu, panyika pano; wakapatsanuka chaizvo, nokupesana chaizvo, zvokuti unonyatsoda kupodzwa.

4 Zvino, nyaya yedu, usiku hwanhasi inotangira muBhabhironi. Bhabhironi rakatanga ku, kwarichiri, muShinari. Pakutanga rainzi, "suvo raMwari," *Bhabheri*. Bhabheri, nokufamba kwenguva rikazonzi *Bhabhironi*, zvinoreva "nyonganiso." Bhabhironi rinoonekwa pakutanga kweBhaibheri, munaGenesisi; rozoonekwa pakati peBhaibheri; rozoonekwa pakupedzisira kweBhaibheri, muBhuku rokupedzisira, Zvakazarurwa. Zvino sezvariri muBhaibheri rose, rinofanira kunge richiripo nhasi.

5 Uyezve, chose chiri panyika nhasi, panezvomweya, soMweya waMwari nomweya waDiabhorosi, mapoka ezvinamato zvose, nezvose zvatiinazvo munyika nhasi, zvakatanga munaGenesisi. Genesisi zvinoreva "mavambo". Uye izvo zvose, zviri pasi perimwe zita namamwe maitire, asi mweya wakatanga muna Genesisi, ndiwo mumwechete uri kuzviratidza. Uye zvakangofanana nomuti uchikura, kusvika paunotumbuka, apo zvose zvinozosvika pakukwana kwazvo pamagumo, mukutonga kukuru kwaMwari, paAchazogadzirisa zvinhu zvose. Zvino

zvose zvaiva namavambo zvichava namagumo. Izvo chete zvakanga zvisina mavambo ndizvo zvisina magumo.

6 Ndicho chikonzero mu—muKristu akaberekwa patsva asina magumo, nokuti aneUpenyu Husingaperi. Zvino Upenyu Husingaperi chikamu choUpenyu hwaMwari Pachake, nokuti Mwari Anogara Nokusingaperi. Zvino inzwi (vara) rimwechetero rinoti, muchiGiriki "Zoe" rinoreva "Upenyu hwaMwari", ndiro rimwechete rakasevenzeswa naJesu paakataura achiti, "Ndinovapa Upenyu Husingaperi." Nokudaro, munhu aberekwa patsva, mweya Wake washandurwa, uye anova chidimbu chaMwari, sezvo ava mwanakomana waMwari. Uye anorarama Nokusingaperi kufanana naMwari, nokuti chidimbu chaMwari, nokuBerekwa kwake, kuBerekwa pamweya.

7 Zvino, Bhabhironi rakavambwa nomurume ainzi Nimirodi, aiva mwanakomana waHami, murume wakanga akaipa kwazvo.

8 Uye Bhabhironi raimbova muzinda wapasi pose. Guta guru iri parakavakwa ikoko, maguta madiki ose, aipoteredza, aibhadhara mari, nemitero, nezvakadero, kuguta guru iri, Bhabhironi.

9 Uye imomo, kana ukaverenga mamwe amabhuku ezvakare, seraHislop *rinonzi Bhabhironi Mbiri (Two Babylons)*, namabhuku mazhinji enhoroondo dzakare, unowana kuti vaiva nendudzi dzose dzedzidziso dzisinga tsanangurike imomo. Maiva nomukadzi imomo, handichayeuki zita rake ikozvino, aichera midzi kubva muvhu, achiigadzira kuva vamwari. Zvinotendwawo kuti ndivo vamwari vakatorwa naJakobo kubva kuna tezvara wake, vamwe vanamwari vemidzi nezvakadero. Zvitevedzwa zvisina maturo, zvino kubva mazviri mukazobuda mapoka ezvinamato zvatinoona munyika nhasi. Ukacherechedza maitire acho kare, namaitire anhasi, zvimwechetezvo.

10 Zvino, Bhabhironi rakanga rakavakwa mubani guru rakaorera, uye rakapoteredzwa nokudiridzwa norwizi rweYufratesi, neTigiri. Yaiva (senda) nzvimbo huru yezvokurima. Iro Bhabhironi raiva guta guru. Uye ringaita, mamaira angakwana zana namakumi maviri kutenderera guta; rutivi rumwechete ruri mamaira makumi matatu, kutenderera mativi ose zana namakumi maviri emamaira. Zvinonzi nzira dzomuguta reBhabhironi dzaiva mazana maviri amafiti kufara. Zvidziro zvorusvingo zvichiita makumi masere amafiti hukobvu, nokureba mafiti mazana maviri. Vaikwanisa kuita mijaho yengoro dzemabhiza pamusoro pezvidziro izvi, nengoro. Magedhi akanga akagadzirwa nendarira, uye kufara kwawo aiva mafiti mazana maviri. Pakati peguta ndipo paiva nomuzinda, nechigaro choushe. Napakati peguta ipapo paipfuura norwizi rukuru, Yufratesi. Ukazvitarisisa iguta raDhiabhorosi, nokuti

mavakirwe aro aitevedzera Guta raMwari, kufanana noRwizi rwoUpenyu pamberi peChigaro chokuTonga. Uye muguta umu, kupoteredza zvidziro zvorusvingo paiva nemaghadheni, akavakirwa mudenga.

11 Uye vaiva rudzi rukuru, runesimba panguva iyoyo, zvokuti, vakakunda nyika dzose dzaizikanwa panguva iyoyo, uye nyika dzose dzaibhadhara mutero. Vanga vabudirira chaizvo muzivo yesainzi, vaiva nezvitsva zvose zvaigadzirwa zvesainzi. Vaiva, nemhando itsva dzengoro dzamabhiza, maumbirwe matsva ezvinhu, nezvombo zvakasimbisisa, uye, simbi dzakanakisisa. Vakava nomukurumbira kunyika dzose.

12 Zvino mukati mamasvingo awa, Bershazari ndiye aiva mambo panguva yatiri kutaura nezvayo usiku huno. Mambo Bershazari, uyo anonzi muBhaibheri, "baba vake ndiNebhukadnezari," asi zvazviri chaizvo Nebhukadnezari, aiva baba vababa vake vaakatevera pachigaro.

13 Vazhinji venyu munoziva kuti Nebhukadnezari aiva kuvamba kwoUmambo hwamaHedheni, musoro wendarama. Zvino akaenda kuJerusarema, kure kure, chaizvo, kundotapa maJuda, ndokuuya navo muumambo hwake, ndokuvaita nhapwa, akashandisa nyanzvi dzavo dzesainzi navakadaro.

14 Sezvakaita Russia payakapinda muGermany. Ndicho chikonzero vaine bhambu reatomiki (atomic), nezvimwewo, vakatora nyanzvi dzesainzi dzokuGermany. Ndicho chikonzero vakabudirira chaizvo nhasi, vakavatapa vakaenda navo kunyika yavo. Ivo pachavo, vakanga vasina (bhambu), asi vakandotora zvinhu izvi sezvakaita Nebhukadnezari kumaJudha.

15 Tinoziva kuti, panguva iyi, maiva nomurume akarurama ainzi Danieri, muprofita waShe, akabatwa muhutapwa panguva iyoyo. Aiva muchinda pamusoro pavadzidzi vezvenyeredzi, nezvakadaro, navachenjeri, munguva yokutonga kwamambo Nebhukadhinezari.

16 Zvino, Bershazari ndiye akanga ava mambo. Bershazari akanga akaipa. Asina kana hanya!

17 Zvino vanhu vose vomuBhabhironi, nokuchengeteka sokwavainzwa kuti vanako! Vava mukati mamasuwo, maghede apfigwa, norusvingo rwakareba mazana maviri amafiti, anehukobvu mafiti makumi masere, funga kuti vainzwa kuchengeteka zvakadini mukati mamasvingo iwayo!

18 Asi rangarira izvi. Hazvinei kuti zivo yesainzi inokupa kuchengeteka kwakadini, Mwari anokuwana bedzi kana watadza! Pane kuchengeteka kumwechete, kuri muna Jesu Kristu.

19 Zvino, varikunzwa kukosha kokuva ivo nyika yaitungamirira, muenzaniso chaiwo, wakakwana woupenyu wamazuvano, hwatinorarama muno muAmerica inembiri.

Zvino ndinenge ndinonetseka, ini, ndinozeza kuti tiri kuita maitire avakaita. Tinodaro nokuti tinavo, vatinofunga kuti, ndidzo nyanzvi muzivo yesainzi, nepfuti dzisina mumwe anadzo, namabhambu e-atomiki, nendege dzinomhanya kupfuura dzose, zvino, taita kunge. . . Tiri rudzi runotungamirira rwakakunda dzose, nyika neimwe nzira tavakunzwa kuchengeteka tisina Mwari.

20 Unova muenzaniso wakanaka. Uye Mwari haashanduki. Maitire ake pachivi akafanana nhasi sezvaaiva kare. Uye hapana nzvimbo yokuvanda pasi pano. Muna Kristu chete ndimo maunochengeteka.

21 Zvino muguta guru iri, vachifunga kuti, hapana nzira, panyika, yokuti hondo ipinde muguta imomo. Masvingo makuru, marefu, zvombo zvavo zvitsva, vakanga vakadzivirirwa kunyika dzose dzaiva kunze kweguta. Asi havana kuziva kuti rudzi rwakaipa rwavaMedia navaPersia, vanova nhasi vaHindu vokuIndia, havana kuziva napaduku pose kuti mamaira mazhinji kure navo, vaichera kuti Rwizi Euphrates ruyerere napamwe kuti vagopinda napasi porusvingo paipfuura norwizi. Vari kunzwa kuchengeteka! Nguva yose yavakanzwa kudaro. Kana vakanzwa kudaro, vakabva vatanga kupinda muzvivi.

22 Zvinoita sokunge kuti munhu akasvika paanonzwa kukwana pachake ega, chivi chinotanga kumubata. Kereke, (chechi) rudzi, munhu, anonzwa kuti haadi rubatsiro rwavamwe, chivi chinotanga kumutonga. Ichokwadi. Zvino tinoona kuti kana, vanhu vava kutanga kunzwa kuva nani kudarika vamwe, kazhinji chivi chinopinda chovaparadza.

23 Zvino pavaipfiga misuwo iyi, vaifunga kuti vakachengeteka. Asi Mwari anotarira kubva kuMatenga! "Uye chivi kutukwa kurudzi rupi zvarwo."

24 Hameno, usiku huno, nezvombo zvikuru, zvatinazvo, nengarava dzapasi pemvura dzinofambiswa "nezveatomiki", majeti edu anobhururuka mamaira mazana mazhinji panguva diki-diki, (per second) dzino. . . kana paminiti, dzichizonzwika kutinhira dzapfuura kare. Asi, usakanganwe kuti zvivi zvako zvichakuwana (zvichakutevera)!

25 Uye, munguva iyi, maghedhi apfigwa. Vakafunga kuti vanogona, kurarama zvisina hanya, nokuti vakanga vakachengetedzwa. Ndivo rudzi rwaitungamirira, dzimwe ndudzi dzose dzaitarisira kwavari kudzidzo yesainzi, uye no— norubatsiro.

26 Zvino, panguva yakafanana naiyeyi, paiva ne. . . Uyu Mambo akafunga kuti achava nenguva inofadza. Akaronga zuva raaizoita mutambo mukuru wedhanzi, kana, samataurire andingaita, rock and roll, zvisina namaturo. Saka akatara nguva, ndokukoka vanoremekedzwa, namasoja ose namakaputeni; namadzimai ose, navamapoto.

27 Zvino, mukadzi wamapoto ipfambi inenge yakaroorwa. Uye munoona here, kana munhu avakunzwa kukwana pachake, anotanga kupinda muzvivi.

28 Vakahodha hwahwa hunembiri hwavaikwanisa kuwana, kuitira mutambo rock and roll uyu waaizoita. Aifunga kuti akachengeteka. Aifunga kuti hapana chingamukuvadza, nokuti akanga akachengeteka. Uyu mutambo akauitira seri kwomuzinda mune rimwe ramagadheni. Zvino ari imomo mugadheni, pamwe vanga vanyatsogadzira nzvimbo yacho nokuinakisa, zvinopenya zvakasungirirwa zvichirembera, vakakoka vasikana vose vakanaka navakadzi vazhinji vokutandadza masoja. Nehwahwa hwavo newaini! Kana zvisiri izvo zvinoitwa pamitambo yanhasi, handizivi kuti zvakadai zvingazowanikwa kupi. Ndizvo chaizvo. Zvino vakagadzirira, zvinhu zvose vaizova nenguva yomufaro.

29 Handikahadziki kuti vakadzi vazhinji vakaroorwa vakauya. Varume vakasiiwa kumba vachirera vana, ivo vachienda kundosasana. Zvimwechetewo, handikahadzike kuti amai vakasiiwa vachifambafamba mumba vachinetseka nomwana anorwara, murume chidhakwa aenda kumafaro. Mativi ose zvakanga zvakafanana.

30 Ndinovaona vachitangisa kunwa nokuva nenguva yokufara. Ndingafungidzira kuti bhendi raiva iro chairo dzimbo dzichiridzwa. Vechidiki vachimveyesana. Uye masoja, vakadhakwa, vachimbundikira vakadzi nokuvasimudza mudenga uye vachivatsvoda nokuvagarisa mucheya, uye nokupembera. Vachifunga kuti vakachengeteka!

31 Oho, America, Mwari mumwechete akatarira pamutambo wezvidhakwa izvi, we rock'n roll uyu, akakutarisa usiku huno!

32 Inguva yakadini yavaiva nayo! Ndingafungidzira kuti Mambo, Bershazari, angafanana naElvis Presley wanhasi, aikwanisa kuita zvose zvinoshamisa zvavaiva nazvo. Kufara kwavo uku vasingazivi, nguva yose, kuti rufu, rwanga rwava pamukova!

33 Zvino, mutambo wapinda mukunakidza, kufanana namaitiro anhasi pamitambo yoku-Hollywood, vakafunga kumbosekesana vachishora kunamata; saArthur Godfrey, kana zvimwe zvakadaro zvanhasi, kana Ernie Ford pamitambo yake, kusekesa nokutaura nezvavaparidzi (saMukadota). Asi Mwari achiri kutarisa kubva kudenga! Zvino vaifunga kuti vari kurarama munyika isina chinoitika kwairi. Asi zvaunodyara ndizvo zvaunokohwa!

34 Zvizivei izvozvo, vanhu. Rungava rudzi, kana kereke, kana munhu zvake, unokohwa chaunodyara!

35 Uye, ndinoona mambo uyu achisimuka, achiti, "Pamusoroi, vasikana, ngatimbonzwa zvinosekesa zvavaparidzi," kana zvakadaro.

36 Zvinopenya zvakasungirirwa zvichirembera, madzimai vechidiki vachiti, "Ehe! Hongu, ndinofunga tingada kunzwa izvozvo."

37 Masoja echidiki achiita sezvinoita vechidiki vanhasi, nokuti izvi hazvina kusiyana neBhabhironi ranhasi! Ini ndiri muAmerica, saizvozvo Dhanieri aiva muBhabhironi panguva iyi. Asi hazvipembedzi chivi!

Ndakamboti kune mumwe musikana imwe nguva, "Uri muKristu here?"

Akati, "Ndinoda kuti unzwisise, kuti ndiri womuAmerica."

Ndikati, "Hazvina zvazvinoreva." Kwete!

38 Ndinofara kuva womuAmerica, asi hazvina chokuita nechiKristu; kana chimwe zvacho. Kana tikatadza, tinorangwa nokuda kwezvivi zvedu, nyatsonzwisisai izvozvo.

39 Vaiva nomuprofita imomo, asi havaiterera. Vaiva neMharidzo, asi vaida kuiita chiseko.

40 Kana zvisina kufanana neAmerica yanhasi, kubva handiizive. Vane Evhangeri, neChokwadi, asi vanoda kumhura.

41 Zvino vakati, "Handei tindotora midziyo yavanamati, tiuye nayo kuno tiwane chokuseka."

42 Mwari haabvumiri vatadzi kuseka Vanhu vake! Ucharangwa, rimwe ramazuva.

43 Vakandotora midziyo yaShe, vakaiunza mutemberi, zvino vaizonwira mumidziyo yaShe. Pavakadira hwahwa hwavo Oertel's 92 kana Pabst Blue Ribbon, mumidziyo iyi kuti vawane chokuseka, oho, vakasimudza magirazi nemidziyo, vakatanga kunwa, vachiseka, nokumhura kunamata Ishe. Havaiziva zvavaiita.

44 Ndizvo zviri munyika ino, usiku huno, kusaziva kuti vari kuramba Mharidzo yaTenzi Jesu Kristu, murubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, nokuberekwa patsva.

45 Kunyangwe vaiva vanamati, zvino, pamutambo uyu, werock-and-roll, kunyange zvavo vaiva vanamati, nokuti Bhaibheri rakati, "Vakarumbidza vamwari vavo."

46 Saka unogona kuva munamati, asi wakatsauka! Ndizvozvo. Hakusi kutendeka. "Pane nzira inoratidzika kumunhu seyakanaka, asi magumo ayo iri nzira yorufu." Zvino vaiva nekereke huru yehurumende yomunyika mavo, nechinamato chavaishumira, ndokubva vamhura zvinhu zvitsvene zvaMwari.

47 Zvakafanana zvikuru nezuva ranhasi, kumhura zvinhu zvitsvene zvaMwari. Vanoti vanhu, vanoedza kurarama zvakanaka, zvakadzikama, zvakaruruma, vanovati "ndovekare" kana zita rakadaro rokumhura. Vanoti zvipo zvaMwari, zvaAnoratidza, kushanda kwomweya wetsvina, sokushanda "kwemuvuki kana dhiyabhorosi." Oho, ko ungapukunyuka

sei kutongwa? Ropa ravakaurairwa Evhangeri rinopomera izvozvo. Kana Mwari akasatonga nyika ino nokuda kwezvivi zvavo zvanhasi, Anotozomutsa Sodoma neGomorrah, wokumbira ruregerero pakuvaparadza. Ndizvozvo. Tiri kupinda mukutongwa! Mashura makuru ose amunoona Muponesi wedu Akaropafadzwa achiita, zviratidzo zvokuyambira, kuti kutongwa kwava padyo; uye zvakaratidza nyika ino kubva rumwe rutivi kuenda kuno rumwe rutivi, kubva kuMabvazuva, kuenda kuMadokera, kubva kuChamhembe kuenda kuMaodzanyemba. Asi vanoramba vachiseka, nokumhura, nokunyora mumapepanhau "sezvinhu zvisina maturo". Zvifungei, Bhabhironi ranhasi!

48 Zvino vari kunwa, vachirereka kapu dzavo vachinwa; pakarepo, nyanzvi yavo huru iyi yainzi Bershazari, akanga ava kuti achinwa mukapu Yake, meso ake akange achabuda panze, paakatendeuka kutarira mumba yamambo, nokuti akaona, kubva kuDenga, ruoko rwoMunhu, Rukatanga kunyora ruchikwira nokudzika pamadziro.

49 Ndinoda kuti muone, Rwakanyora papurasita. Zvino, kuda mwenje nguva iyi yaiva kure nokwakauya kune zvakarembedzwa mudenga, kwavaiitira mutambo werock and roll Chiedza chaitaima pamadziro. Mwari haaiti zvinhu pakavanda! Zviri pachena, panoonekwa pane chiedza, Mwari paanofamba nokutaura. Zvino chinyorwa Chake chisingatsananguri ke chaiva papurasita pamadziro, pavaiona vose.

50 Mambo ndiye anofanira kunge akatanga kuchiona, iye musekesi uyu, anofanana novanhasi, vanoita mitambo muwairosi (saMukadota), nomuterevhizhoni. Paakarereka girazi, kuti anwe, kana kapu, kana chaaiva nacho mumaoko, maziso ake akaita soachabuda, akazunguzwa chaizvo. Ndingafungidzire kuti akadaro. Bhaibheri rinoti "Zvifundo zvechiuno chake zvakasununguka." Chokwadi akazunguzika. Kana Mwari ava kuratidza zviratidzo Zvake, inguva yokuzunguzika. Ndizvozvo. Zvino paaitarisa rock'n roll yake yakaita kuti azunguzwe.

51 Zvino paakaona chinyorwa ichi pamadziro, ndinofungidzira kuti mudzimai airemekedzwa, miromo yake yakapendwa zvokuti hameno, bvudzi rakanakiswa, vachimumveyesa, masoja akadhakwa, akati, "Hatizivi kuti chii chakanganisika nomukomana uyu usiku huno?" achiita munhikwi nokudhakwa.

52 Zvino mumwe murume wechidiki akamudhonza, akati, "Zvakanaka, ngatitambei rumbo runotevera tose." Nhapitapi ndokumira.

53 Oho, nyika ino huru nokutadza kwayo, rimwe ramazuva rock'n roll yenyu ichaguma. Kana mukasateerera izwi romuparidzi, munozoteerera ruoko rwaMwari mava kutongwa

rimwe zuva. Asi rock'n roll ichaguma, sezvakangoita bhendi, vakazoimba "Pedyo Nemi Mwari Wangu," vari muTitanic. Rimwe zuva muchashandura chuni iyoyo.

54 Zvino kuimba ndokumira. Vakaona nyanzvi ya—yavo yepaterevhizhoni, akanga amira, mabvi achibvunda (huta), akatarisa achiona ichi chinhu chikuru chichiitika. "Zvaita sei?", akadaro, "mativi ose rusvingo rwakavharwa. Ndina vachengeti (magadhi) vangu vakamira pamisuwo, varume vakasanangurwa."

55 Zvino, ona, Mwari haadi gedhi kupinda, samafungire ako. Anoburuka kubva muKubwinya! Uye ruoko Rwake ndirwo rwanga rwanyora pamadziro.

56 Pakarepo, ari munyika yakanyanya kubudirira, Bhaibheri rinoti akadana vafemberi vake vose, vanodzidza nyeredzi, mabhishopi ose, vanamazvikokota, vanapapa, namakadhinari, navakadaro. Akati, "Varume, ndinoda kukuudzai, kuti ndakakubvumirai kuparidza nokuita zvose zvamaida kuita. Zvino dudzirai, Zviri pachidziro izvo."

57 Asi sezvazvakanga zviri nguva iyoyo, ndizvo zvazviri nhasi, vakanga vasina kujaira zvomweya. Havana chavaiziva nezvazvo. Havaiziva kududzira ndimi dzakavanzika. Havana chavaiziva pamitauro yoKudenga. Vakava sembeveve. Havana chavaiziva nezvazvo. Uye vose vamire ipapo . . .

58 Rangarira, uku kwaiva kuvamba koumambo hwamaHedheni. Sokutanga kwahwakaita nesimba rezvamashura, ndiko kuguma kwohuchaita.

59 Asi mabhishopi aya namakadhinari, navanachiremba vakakurumbira, vakatadza kududzira zvomweya. Havana chavaiziva nezvazvo. Vakatsvaka mumabhuku avo edzidzo, vakashaiwa chaifanana neIzvi. Munoona, zvomweya zvinonzwisiswa nomweya. Zvino vose vakanetseka, vakasaziva zvokuita.

60 Zvino, pakupedzisira, kwakauya mambokadzi. Rangarira kuti akanga asiri pamutambo uyu werock and roll. Nzira chete yaakaziva kuti pane chiri kuitika, shoko rakasvika kwaari richiti mambo avhundutswa, uye mutambo wamira. Aigona kuva mumwe mutendi akanaka. Uye, sezvineiwo, aiva munhu akanga asati akanganwa.

61 Akamhanyira kumutambo. Paakaona musekesi uyu avhundutswa, navaimbi vake vose, akati, "Aiwa, mambo, garai nokusingaperi!" Asi haana kuziva kuti akanga atofa ipapo. Akati, "Garai nokusingaperi! Ndinoziva kuti manetseka nechinyorwa chiri pamadziro. Uye ndinoona papa, namabhishopi namakadhinari, namadhokotera edzidzo dzeBhaibheri, pasina anokwanisa kuzviverenga. Asi, aiwa, mambo, regai ndikuudzei chimwe chinhu! Pane munhu muumambo hwenyu, anoziva nezvomweya."

62 Aiwa, hama, kana tichiona chinyorwa pamadziro, nhasi, asi pane Munhu anoziva nezvazvo. Ungadai wakapfuura nomumahofisi avanachiremba vose vomuguta, vakakuudza kuti, "Unofa." Asi pane murume! Ungadai wakapinda muzvivi kusvikira moyo wako wasviba sechin'ai chiri pamadziro egehena, wava padyo nokuzviuraya, usina tariro. Asi pane Murume, Zita Rake ndiJesu! Anoziva zvomweya. Ari muUmambo hwedu, nokuti tiri vana voHumambo Hwake. Pane Murume!

63 Akati, "Anoziva zvomweya, nokuti makore apfuura vakaona Mweya waMwari maari. Aiva noMweya unoshamisa. Aigona kududzira hope, aiona zviratidzo, chimwe nechimwe chiri chokwadi. Zvino, musanetseka, ndipei mamanitsi mashoma ndinondouya naye pano."

64 Pane rimwe zuva rauchaMudana! Ungadai usina nzvimbo Yake mumba mako. Wakabatika chose, uchiona terevhizhoni, nokutamba makasa, nokunwa hwahwa, nokuenda kumitambo ye'rock and roll'. Asi pachaita zuva rauchaMudana! Ndizvozvo.

65 Zvino Dhanieri akaunzwa. Uye vari kuuya naye... Muparidzi wokururama, munhu waMwari! Handingafungi kuti munhu waMwari angararama munzvimbo yakafanana naiyoyo akasaiparidzira. Asi, munoona, mambo akanga asina kuita hanya nazvo, ndicho chikonzero akava muchinhanho chaaiva ichi.

66 Vakaunza Dhanieri, iye akati, "Vana papa venyu navanamazvikokota venyu vadudzira chii kwamuri?" Vakanga vasina chokududzira nacho.

67 Zvino chii chakaitika? Dhanieri akati, "Aiwa, Bershazari, unoziva zvinhu zvose izvi. Hazvina kuvanzwa kwauri."

68 Zvino ndinoti kuAmerica! Ndinoshuva kuti dai ndaigona kuvaita kuti, panguva (miniti) ino, vanzwe inzwi rangu. Hapana chamusingazivi pazvinhu zvose izvi! Senyika dzakatadza mumashure vakaita zvatakaita, tayerwa muchiyero, tikawanikwa tisina kukwana. Chii chakaitika kuFrance? Chii chakaitika kuGermany? Chii chakaitika kune dzimwe ndudzi dzakada "waini, vakadzi, namafaro makuru?" Zvinogara zvichingoguma nenzira iyoyo, zvino isu hatitadzwe kutongwa. Mwari wakaruruma.

69 Uye akati, "Baba vako, Mwari wakavaita rudzi rukuru, asi vakazvikanganwa. Zvino vakaita zvinhu zvimwechete zvauri kuita, saka Mwari wakavashandura vakava mhuka yesango." Akati, "Iwe unoziva zvinhu izvi, asi zvino watora midziyo yake mitsvene kuita misara nayo." Cherechedzai. Akati, "Chinyorwa chaiswa pamadziro, zvino mazuva ako averengwa akagumiswa." Nemamwe mazwi, "Tarira pano, muchinda, mazuva ako averengwa! Humambo hwako hwatorwa kubva kwaUri hukapiwa kuno rumwe rudzi, rwakaipa moyo, rudzi

rusina Mwari," urwo rwaka—rwakaipa sezvavaiva. Mwari anoita kuti chivi chirwise chivi. Handizivivo, nhasi!

70 Panguva imwecheteyo, regai nditi kutanga, paakanga akamira ipapo, achiona chiNyorwa ichi pamadziro, haana kuziva kuti pamagedhe, nguva iyoyo, vachengeti vakanga vatourawa. Uye masoja akanga atova mumigwagwa, vachitouraya vachengeti vomuzinda wamambo. Vakanga vatova pamasitepi. Zvino madzimai aya vamire ipapo, kure navana vavo, kure navarume vavo, navarume kure namadzimai avo, vose vakadhakwa, vachinakidzwa nedhanzi idzva nezvimwe zvaingoitwa. Asi varwi vakanga vava pamasitepi apamusuwo, maminiti mashoma mambo anenge aurawa. Boka rose ravarume vakadhakwa iri richange raurawa norudzi rusingatendi munaMwari, rwakabatwa nesimba ramadhimoni. Namadzimai vaizokururwa mbatya dzavo, navasikana navose, vagobatwa chibharo mumigwagwa; vogotakurwa vakasunamiswa, vagoputitsirwa misoro yavo pamadziro. Vovatema—tema (kuvaparadza) musure mokuvatora muruchiva; vachipenga, masoja akadhakwa! Zvanga zvava pamusuwo nokuti vanga vayerwa muchiyero, vakawanikwa vasina kukwana.

71 Zvino handizivi, nhasi, mukungoenderera kwanhasi, nekuseka kwose, nokumhura (nokunyomba) kunamatirwa kwavarwere, kuseka nokunyomba Kereke yaMwari mupenyu, vachienderera mberi sokutaura kweBhaibheri, "Vasingarangariri, vanoita manyawi, vanoda zvinofadza zvenyika kupfuura Mwari; vanomufananidzo chete wokunamata Mwari, asi vakarasa simba racho."

72 Handizivi, muzuva rino patinofunga kuti takachengeteka, zvino pakarepo, toona kuti Russia yava mberi kwedu, namakore mashanu mudzidzo yesainzi.

73 Takaenda kumapati mazhinji. Takapinda zvakanyanya muzvivi. Chechi yanyanya kukotsira, haisisina hanya nokuungana kuminamato. Havasisina hanya. Vanopikisa namazwi avo Mweya chaiwo wechokwadi waMwari mupenyu; havadi (minamato). Vava dhinominesheni chairo vachizvishongedza! Havana nguva yokuenda kuminamato, vanenge vari kuterevhizhoni nokumifananidzo, vachidzungaira, nokumashabhini nezvimwe. Ichokwadi!

74 Zvingaita sezvingafanira mazuva akare, asi ndizvo zvinodiwa nenyika nhasi. Pane kusanyatsosimbarara neEvhangeri kwakanyinyisa nokurerutsa. Shoko rinofanira kubatwa namaoko asingarerutsi, noMweya Mutsvene. Zvirokwazvo!

75 Billy Graham, akati, vhiki kana mbiri dzapfuura, mune imwe yemharidzo dzake, "Nyika ino inokwanisa kuva muranda weRussia nguva ipi zvayo Russia painodira." Tava papi?

76 Unotenga marekodzi aElvis Presley, worega kuenda kuChechi kuti unzwe *Tinoda Susie (We love Susie)*; rimwe ramazuva! Wayerwa muchiyero, ukawanikwa usina kukwana! Chii chakaitika? Pane chinyorwa pamadziro!

77 MaRussia vakaisa sputiniki (sputnik) mudenga yatisingakwanisi kuwana zvatingaite nayo, iri kure nenyika mamaira mazana mashanu; uye vanokwanisa kuisa zvitanhatu zvakadai pamusoro peAmerica mumaminitsi makumi matatu anotevera, vogouya voti, "Sarendai kana kuti muchava dota mumaminitsi mashoma anotevera." Vanokwanisa kuzviita. Hapana chinhu chatingaita kuti tivamise. Zviri mumaoko avo, maKoministi asina tsitsi, kana Umwari! Ndivo vanoshandiswa naMwari kuisa chivi pachena. Ndizvo chaizvo. Ukaverenga Bhaibheri, Russia inofanira kuita izvozvo sezviri mubhuku raZvakazarurwa. Zvakanaka, imi vadzidzisi vechiprofita munogona kupikisana Nazvo, asi mirai kusvika zvapera. Russia yakaisirwa pano chikonzero ichocho. Bhaibheri rakadaro.

78 Zvino vava nesiputiniki (sputnik)(chitundumutsere). Takaedza kutumira chimwe humwe husiku, taifunga kuti tichaita zvavakaita; chakasimuka kubva pasi mafiti matatu, ndokudonhera pasi. Kutamba rock'n roll kwanyanya nezvivi! Tayerwa muchiyero, tikawanikwa tisina kukwana. Mwari, tinzwire nyasha!

79 Chii chatichaita? Chii chichaitika kana vakatumisira sputiniki (namamissles) nezvombo zvinoparadza, vogoti, "Sarendai, kana kuti muchava huruva mumaminitsi mashanu?" Zvino, hurumende yedu, kuti ichengetedze hupenyu, inosarenda. Ndicho chinhu chavangaita.

80 Zvino chii chonozoitika kuna vamwe venyu vomuAmerica, isu tose tiri muno; kwete muno, asi ndiri kutaura nyika yose? Nyika yedu yose!

81 Imi vadiki vanozviti vakangwara, vasikana vanofamba miromo yakapendwa sokunge rimwewo ruva rerozi; mugoseka muparidzi ari, panzira achiparidza Evhangeri. Newe, wechidiki unofunga kuti une manomano akawanda kupfuura zivo (pfungwa) yaunayo kuti uzvibate!

82 Chii chichaitika kwamuri, baba, munogara kumba naamai muchiona terevhizhoni, Junior ari kumafaro, uye sisi vari kukandini pane imwewo nzvimbo, ariko achitamba rock and roll? Imi muchiona terevhizhoni, nokunyomba Vhangeri!

83 Chii chichaitika kwauri iwe, nhengo yekereke? Magumo ako achava akadini? Ungava nezita rako pabhuku rose, kana kuti mukereke hurusa muguta; asi kunze kwokunge uri pasi pokuchengetedzwa neRopa raIshe Jesu, uchaparara naavo vachaparara, hapana tariro kwauri.

84 Chii chichazoitika? Sputiniki irimo mudenga. Zvino chii chingaitika? Nyika inosarenda, hongu, ndicho chinhu chete chakafanira chingaitwa nehurumende.

85 Zvino chii chozoitika? Saisai pamusoro pesaisai, rezvikepe zvakatakura masoja; boka neboka, rendege; dzichimhara munyika ino. Madzimai agobatwa (chibharo) mumigwagwa. Chii chaungaita? Zviri kwavari. Wadzingwa mumba mako, voitora.

86 Chii chinozoitika kwamuri imi vasikana vadiki, newe jaya, nemi mose panguva iyoyo? Chivi chinofanira kutongwa! Hazvinei kuti inyika ipi, kana kuti ndiani, zvinotoitika. Munhu, kana rudzi, chinofanira kutongwa! Zvino boka ramasoja rechiKoministi vane utsinye, vasingadi Mwari, vane ndebvu kumativi omuromo, vanozobata madzimai enyu chibharo, navanasikana venyu. Unozomira ipapo ugozozvibvuma, hapana zvaungazviita.

87 Chii chinokonzera izvozvo? Nokuti makateerera kuzvinhu zvakaita sezvinobudiswa pamaterevhizhoni rock'n roll nezvivi, nokumuparidzi watonhora wangova nomufananidzo asingagoni kududzira zvomweya. Chinyorwa chava pamadziro! Ndizvozvo! Zvino taerwa muchiero, tikawanikwa tisina kukwana.

88 Izvi zvingaitika riini? Zuva risati rabuda mangwanani. Ndiani angazozvimisa? Zviedzei. Bhaibheri rinoti zvichaitika.

89 Asi regai ndikuudzei, izvi hazvibati Kereke yaMwari mupenyu, tichange taenda panguva iyoyo!

90 Zvino, teerera, shamwari. Kana izvi zvava padyo zvakadai, uye tichioona chinyorwa pamadziro, hapana chingadzivisavo izvi kuitika ikozvino.

91 America yakaparidzirwa, mashura akaitwa, asi vanoenderera mberi vachingopfuura napamusoro paZvo.

92 Enda kune imwe nyika ugoita rumutsiriro, ugova novanotendeuka makumi mana pavhiki; ugodzokera kwapera mavhiki matanhatu, hauwani kana vanosvika vana. Dziva raredzwa mukasara maoma. Mwari anongova navakati vaakasanangura. Zvino kana wokupedzisira apinda, musuwo unovharwa zvobva zvapera.

93 Zvino hapasisina chasara kunze kwokutongwa kana nyasha dzarambwa. Zvino tiri pano panoperera nzira. Mashura ari kuitwa, zviri kusekwa nokunyombwa. Zvino chokupedzisira, Mwari akauya muSimba Rake Amene, muMwanakomana Wake Anodikanwa, kuti kuzoshanda muKereke Yake, zvino voti, "Ndezvomweya yetsvina," kana kuti, "Satani". Chii chimwe chasara kunze kwokutongwa? Zvino hechinoi chinyorwa pamadziro!

94 Zvino, kana izvi zvava padyo zvakadaro, uye mudzidzisi wose anoziva kuti Kereke inobvutwa kutambudzika kusati

kwatanga. Zvino kana izvi zvava padyo zvakadaro, zvichigona kuitika mangwanani asati asvika, koKubvutwa? Kwava padyo kupfuura izvozvo! Oh, Zita raShe ngarirumbidzwe! Kuuya kwaShe kwava padyo. Chinyorwa chanyorwa, uye chakanyorwa muBhaibheri, uye tiri kuzviona muupenyu hwedu.

95 Nokunyengetedza kwezwi rangu, haungagamuchiri here Jesu Kristu panguva ino? "Tendeukai, mubhabhatidzwe," ndizvo zvakataura Petro, "mumwe nomumwe wenyu, muZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi muchagamuchira chipikirwa choMweya Mutsvene; nokuti chipikirwa ichi ndechenyu, navana venyu, navose vari kure. Nokuti hapana rimwe Zita ratakapiwa pasi peDenga ratingaponeswa naro." Kusiya kwokunge uri waKristu! Unogona kuva muMethodist, Baptist, Pentecostal, Nazarene, Catholic, wakarasika kusvika wava waKristu! Kristu achiuya mauri; Kuberekwa patsva noMweya Mutsvene. Mugamuchire manheru ano, patava kunamata.

96 Misoro yenyu yakakotamiswa. Handizivi kuti, vangani pano vanoziva kuti chinhu chikuru ichi chichaitika? Unogona kundovata manheru ano nomukadzi wako, asi mangwanani anenge atobvutwa. Imi, baba naamai, munogona kutsvoda vana venyu moonekana vondovata, usiku, asi mangwana mangwanani pamubhedha pavo mowana pasina aripo. Zvino muchamhanya muchidzika nomugwagwa, kuti muone kuti chii chaitika kuna Mai Jones, naivowo vatobvutwa. Kubvutwa kwava padyo, Bhaibheri razviisa pachena.

97 Zvino mumusangano uno, iwe uchiri kukwanisa, savarume vane—vane zivo, namadzimai ane zivo, wadii kudavira kudana kuri mumwoyo mako, ugoti, "Ishe Mwari, ndizadzei noUpenyu Husingaperi uhu." Nokuti, kana uchine manzwisisire epfungwa, uchiri wenyika. Asi Mweya waMwari, unoburuka kubva kuDenga, wouya mumwoyo mako, wokupa Mweya Mutsvene; Kana kutambudzika kwouya, Mweya (Mweya Mutsvene) unodzokera kuMusiki Wawo, iwe unoenda nawo. Hazvinei kuti unonamata zvakadini, hauendi kusiya kwokunge paine chimwe mauri chokukutora.

98 Vangani manheru ano, misoro yakakotamiswa, nokuda kweMharidzo ino, vangasimudza maoko avo kuna Kristu, vachiti "Mwari, ndizadzei noMweya Wenyu Mutsvene. Zvino kana Muchizouya, ndinoda kuenda Nemi." Mungasimudze here maoko enyu? Mwari akuropafadzei, kereke yose zvayo. Angakwana, mazana maviri, amaoko kana kupfuura, asimudzwa mudenga.

99 Shamwari mutadzi, kana usina kumbogamuchira Kristu, ungasimudza ruoko rwako here, uti, "Ishe Jesu, ndinzwirei nyasha?" Mwari akuropafadze, mudzimai. Mwari akuropafadzei nechepapa, kumashure uko. Pano mumwe here, "Ndirangarireivo, Ishe," Mwari akuropafadzei nechepapa,

kumashure uko. Ishe ave nemi. "Ndirangarireivo, O Ishe. Maziso angu achangosvinudzwa. Ndinoziva kuti zvichida ndakapupura kuti ndiri muKristu nguva yakareba, asi handina kumboziva kuti chii chinonzi kuberekwa patsva. Handisati ndambogamuchira Mweya Mutsvene."

100 "Nokudaro, kana munhu asingaberekwi kutsva, haangatongopindi muHumambo, kana kuti haangatongooni Humambo."

101 Ungasimudza ruoko rwako here, uti, "Ndinzwirei nyasha, O Mweya Mutsvene. Kana Maya kuuya kutora Kereke, nditorei"? Mwari akuropafadzei mai. Umwe zvakare, "Ndirangarirei, O Mwari." Akuropafadzei changamire. Mwari akuropafadze mudzimai. "Ndirangarirei, O Mwari." Mwari akuropafadze pano apa, mukomana. Mwari akuropafadze uko; mudzimai. "Ndinzwirei nyasha, O Mwari, pandinoona chinyorwa chiri pamadziro. Ndakachenjera zvakakwana, kuona kuti zvataurwa kubva muBhaibheri usiku huno, kuti kudzokorodzwa kwezvakamboitika (nhoroondo).

102 Tasvika kumagumo. Hapana chichabatsira. Icho chichaparadza nyika chiri mumaoko avatadzi.

103 Kwasara vashoma chete. Ungangova iwe wokupedzisira akatemerwa kuuya kuna Kristu. Kana uyo wokupedzisira auya, kutonga kunobva kwatanga; kwasara chinhu chimwe chete, angangova iwe. Ungamugamuchira here manheru ano takamirira?

104 Makumi maviri, kana matatu amaoko asimudzwa mudenga. Zvino hapana nzvimbo kuno kuti tikudaidzei kuAritari, kuti muuye mberi kuno, nokuti hakuna nzvimbo. Asi ndichakukumbirirai, chokwadi, O, ivai vakatendeka muteerere kuinzwi reyambiro. Ivai vakatendeka mukumbire Kristu, pamakagara ipapo, "Ishe ndinzwirei, nyasha ini, mutadzi, mundigamuchire ndisati ndayambuka muganhu wenyasha. Ndisati ndapfuura ndikadarika zuva rangu renyasha, ndinzwirei nyasha, Ishe," Iye achazviita.

Zvino namatai saizvozvo ini ndichikunamatirai.

105 Ishe Makanaka, takamira pachinhanho chakaipa manheru ano. Tichiverenga Shoko Renyu, tichinzwa kuti nguva ipi zvayo maredhiyo angazivisa, uye mabhendi eroki-ne-roll akatanga kuimba, *"Pedo, Nemi Ishe"*, asi panenge pasisina nguva ipapo, kutonga kwatanga. Zvombo zvemamisaeri zvakanongedzerwa kwatiri. Kuparadzwa, mamaira namamaira, namatani namatani e—emabhambu anotsvaira nyika, nezvakadero, zvinozotungidza pasi pose nomwoto. Zvino zviri mumaoko avatadzi. Bhaibheri rakati ndiyo nzira yazvichaitika nayo. Zvino tinoona chinyorwa pamadziro.

106 O Ishe Mwari, handina kodzero yokuedza kuunza Mharidzo yakadai kuvanhu. Ndinonzwa kusakwana kwangu,

ndakamira pano, kuedza kubata chidzidzo chakadai, asi Mundiregererevo pakusakwanisa kuzviita. Asi neimwe nzira, kubva mumwoyo mangu, ndinokumbira kuti Mudyare Mharidzo iyi nenzira yaMunoda kuti ive, mumwoyo yavo, nokuti ndinoona nguva ichiswedera. Zvino ivai nenyasha, Mwari, muponese mumwe nomumwe, muvazadze noMweya Mutsvene. Dai vava vana Venyu, vakaputirwa nohuMwari nokunaka Kwenyu, vagamuchire kuchengetedzwa kubva kuna Ishe Jesu.

107 Nokuti, nyika yedu haina kuchengetedzwa. Taifunga kuti takachengeteka. Ndizvo zvaifungwawo muHumambo hweBhabhironi, asi, nguva yose, paiva norudzi rwakaipa rwaishanda. Uye panga paine rudzi rwakaipa rwanga ruchishanda, dzamara tava kuziva kuti ikozvino vava pamberi pedu, zvino tiri mumaoko avo.

108 Ishe, Kereke inotarisira kwaMuri. Vachaparadza; asi Muchatora Kereke Yenyu. O Ishe, titorei mutiise mukuchengeta Kwenyu, usiku huno. Uye tiropafadzei nokuda kwaJesu; muZita Rake tinonamata. Ameni.

109 Zvinyoro-nyoro, kwekanguva. Remekedzai.

Softly and tenderly Jesus is calling,
Calling for you and for me.

Tichiimba iyezvino, Fungisisai.

On the Portal He's waiting and watching,
Watching for you and for me.

Come Home, (Kupi? Uya kumusoro, kwira kumusoro).
Ye who are weary come Home;
Earnestly, tenderly, Jesus is calling,
Calling, O sinner, come Home!

[Hama Branham vanotanga kuimba pasina mazwi. *Softly and tenderly*—Ed].

110 Oo, haingavi nguva yakanaka here kuti zviitike ikozvino! Oo, nguva ipi zvayo zvakanaka, Akagadzirira. Ameni! Ndinofara zvikuru kuMuziva. Ndinofara kuti mutumbi uno usina simba, uri kupera uchashandurwa kamwe-kamwe, mukubwaira kweziso. Ndichadzokera kuva jaya zvakare, ndigorarama nokusingaperi.

The old will be young there forever,
Transformed in a moment of time;
Immortal, shall stand in His likeness
The stars and the sun they'll outshine.

Mukana wakadini! UsaMuramba.

Oh, how you'll want Him to say, "Well done,"
On that Eternal Day!
Don't turn the dear Saviour away from your heart,
Don't turn Him away. (Huno ngahuve usiku hwacho).

111 Vangani vanoMuda nomwoyo wose, uye vakagadzirira kana Akauya? Oh, tinotenda! Hamunzwi here somakweshwa tsvina yose mukati, ikozvino? Evhangeri, tinogezwa nemvura yeShoko. Mhoresana nomumwe uti, "Mwari akuropafadze. Ndiri kunzwa zvakanaka chaizvo. Mwari akuropafadze mufambi. Mwari akuropafadzei hanzvadzi, hama." Tiri mhare munzira.

Walking in the grand old highway,
Telling everywhere I go,
I'd rather be an old time Christian, Lord
Than anything I know.

112 Zvino tiri panguva yakadai yokumukudza, ndinotenda kuti hapasisina nguva yokuti tinamatire vanorwara. Ngati . . . Ndinotenda kuti Mweya Mutsvene wafadzwa, vazhinji ava vachiuya kuna Kristu. Zvino zvitsvakire chechi nokukurumidza, bhabhatidzwa woenda kuchechi iyoyo, kereke yakanaka izere noMweya, woramba uriko uchiri kurarama.

113 Mabasa api akavimbiswa naKristu kuti Achaaita? Akati, "Mabasa andinoita, imi muchaaitavo." Zvino, hupo Hwake huri pano. Zvino ndinoziva, shamwari. Ndi—Ndinoziva, pasina kukahadzika, kuti Jesu ari pano. Aripo murume pano, ndiye Murume mumwechete akafamba muGarirea. Ndiye Murume mumwechete akakudzikinura neRopa Rake, akakuporesa namavanga Ake. Zvino Ari pano kushanda nokuita zvose zvaAkamboita, nokuti ndiye mumwechete Ishe Jesu.

114 Zvino tinamatei kwakanguva, chinyararire. Ivai mumunyengetero ndichiedza kutsvaga pfungwa yoMweya Mutsvene. [Hama Branham vanomira—Ed.]

115 Zvino, kuimba kwakanaka uku, vanhu vari kugehena usiku huno vangafara kunzwa zvakadai! Vanhu vakambogara pachigaro chawakagara manheru ano, vakanzwa Evhangeri, vakapfuura norufu, vari kutambudzika usiku huno, vangashuva zvakadini kutora chigaro chawakagara manheru ano, asi hazvichabviri. [Hama Branham vanomira zvishoma—Ed.]

116 Ishe, imi Makasika Denga nenyika, Imi Makatuma Jesu akaropafadzwa pano panyika; Maari maigara kuzara kwoMweya. Makati nomuromo wake, "Ini Ndiri Muzambiringa, imi muri matavi. Muzambiringa haubereki zvibereko pauri woga, asi matavi ndiwo anobereka zvibereko." Ndinonamata, Mwari, kuti Muzviratidze usiku huno, pakati pedu, kuti vanhu ava vazive kuti Mharidzo yaparidzwa, yabva kwaMuri, kuti

Muri kutiyambira kuti tigadzirire, mazuva okupedzisira ava pedyo.

117 Pangadaro paine vanhu vanorwara vakagara muno, Ishe. Vakurudzirei kuti vaporeswe, nokuti tinokumbira izvi kuti Mwari arumbidzwe. Zvino, Ishe, tichizvipira kwaMuri, seKereke yaMwari Mupenyu; tichiona, ndinofunga, kuti ruoko rumwe norumwe rwasimudzwa mudenga. Ndinokukumbirai, usiku uno, Ishe, kuti mutiitire chimwe chinokosha. Itai iye zvino kuti vanhu ava vazvipire nenzira yokuti vose. . . [Hapana chinhu patepi—Ed.] Izvi tinokumbira muZita raJesu.

118 [Hapana chinhu patepi—Ed.] . . .nokuti nguva dzose Anoratidza nyasha kutonga kusati kwauya. Ndichakumbira vaparidzi varambe vari pavari, vanamate. Ngatinamatei.

119 Uye zvino, kunyanya, ndanga ndichiparidza, nda—ndichangokumbira vanhu vari kuno mberi, kana kupi zvako kwauri, kutaura izvi. Bhaibheri rinoti, "MuPrisita Mukuru anobatwa noutera hwedu." Zvino, kana Aiva Muprisita Mukuru zuro, Ndiye mumwechete nhasi; zvino zvaAkaita zuro, Anoita nhasi kana Ariye mumwechete. Ndizvozvo here? Saka kana achigona kubatwa nhasi, Mubate noutera hwokusakwana kwako, uye urege Ataure kwauri.

120 Imbofunga, paAkamira paungano yakadai rimwe zuva, pakauya mumwe murume ainzi Petrosi, kana kuti zita rake rainzi Simoni. Akati, "Zita rako ndiSimoni. Uri mwanakomana waJona. Asi, kubvira ikozvino, uchanzi Petrosi." Akazova chii? Muapostora anodikanwa.

121 Firipo paakawana Natanieri, akauya naye, Kristu Akati, "Tarirai muIsraeri asina chaangapomerwa," namamwe mashoko, "muKristu, munhu akatendeka."

Akati, "Rabbi, mandiziva riini?"

122 Akati, "Firipo asati akudana, uri pasi pomuti, ndakuona."

123 Mudzimai aibuda ropa akauya. Kristu akatarira paungano.

124 Vaifunga kuti mabasa Ake ndeaSatani, vakati mumwoyo yavo, "NdiBheruzabhabhu." Akaziva pfungwa dzavo. Ndizvozvo here?

125 Akati, "Hapana chandinoita kusiya kwokuti Baba vatanga vandiratidza. Uye mabasa andinoita, muchaaitavo." Zvino Anofanira kuva, kana Achishanda muKereke Yake, nokuti iShoko Rake.

126 Zvino ndinoda kukubvunzai. Kana muungano ino, vanhu vaviri kana vatatu, Ishe vakapa kuti vave nokutenda kwokubata nguwo Yake, Agodzoka muMweya Wake oita zvimwechetezvo zvaAkaita achiri pano panyika, mose mungagutsikana here kumugamuchira somuporesi wenyu? Mungazviite here? Itai, "Ameni," kana mungazviite. [Ungano inoti, "Ameni,"—Ed.] Dai

Akazviita, ndiwo munamato wangu. Zvino namatai. Zvino kana muka . . .

127 Vangani vanhu vanorwara muno vanoda kupodzwa simudzai maoko enyu. Kose-kose, vanhu vanorwara vanoda kupodzwa.

128 Zvino, kana aripo mumba muno wandi . . . hapana wandinoziva pane vandakatarisa.

129 Ndinofunga kuti uyu ndiRosela akagara apa, musikana aiva chidhakwa, akadaidzwa ari mumusangano kune imwe nzvimbo, ari chidhakwa, vana chiremba vakanga vamutadza. Iye, paakadanwa naIshe, iye anozviziva kuti handina kumbenge ndakamuona kana kunge ndichimuziva. Ishe vakamuudza zvose zvoupenyu hwake nezvaakanga ari, ndokumuudza kuti aizopora. Zvino ari pano usiku huno chibereko cheNyasha dzaMwari. Chidhakwa, kusvikira chiremba nachiremba vakanga vamutadza, kunyange navanamazvikokota vehwahwa. Ndinomuziva.

130 Asi, kunze kwaizvozvo, ndine chokwadi chokuti, iyi hama akanditarira, akagara pano apa ane sutu yegireyi, ndiyo hama inotivigira maruva. Ndinotenda ndizvozvo. Ha—Handichaziva zita ravo zvino. Vakauya kumba kwangu nguva pfupi yapfuura; neHama Boze; Shultz, Hama Shultz.

131 Kunze kwaivavo, ndinofunga ndaona Hama Fred Sothman nguva shoma yapfuura, muno matiri, asi ndakanganwa kuti ndepapi. Zvisinei, pane pavari muno.

132 Hapana mumwezve wa—wandinoziva. Asi Mwari anokuzivai mose. Kana ukanamata ukakumbira Mwari, edza kutenda kwako.

133 Pasava noanofamba-famba ikozvino. Ivai nokuremekedza kwenguva shoma inotevera. Zvino, *"Ingotendai chete,"* kana mungakwanisa. Nokuremekedza kwakanyanya sokukwanisa kwenyu kwenguva shoma, mugare makanyarara. [Muridzi wenziyo anotanga kuridza *"Only believe"*—Ed.]

134 Imbozvifungai, Kristu akazvivimbisa. "Kuchine nguva duku, nyika haichazoNdivoni; asi imi munoNdiona, nokuti Ini . . . " Ini kwete mumwe, "Ini" kureva kuti Iye pachake, "Ndichava nemi kusvikira kumagumo enyika. Zvinhu zvandinoita, nemi, muchaitawo." "Jesu Kristu mumwechete zuro, nhasi, nokusingaperi". Ichokwadi here? Zvinofanira kuva chokwadi!

135 Zvakanaka, ndinotenda Ishe. Ndinga . . . Mungasimudza misoro yenyu kana muchida.

136 Pano apa kukona, pano mudzimai akagara pano apa pakona. Mudzimai wechitema. Mudzimai, handikuzivi. Mwari ndiye anokuziva. Asi pane Chiedza pamusoro pomudzimai ikozvino. Ane . . . Kana Ishe akandizivisa dambudziko, rako, nezvauri kunamatira, mungatenda here kuti ndiShe Jesu arikukubatsirai?

Munofanira kunge mune dambudziko, kana kuti chimwe chinhu chamuri kushuva, nokuti hezvi zviri apo.

137 Ona, shamwari, unoti, "Sei, handizvioni." Zvinokwanisika kuti mungasazviona. Ndakatarisa pachiri. Onai! Ungati "Zvino, Hama Branham, kana mukakwanisa kuzviona nameso enyu, ndinokwanisawo, zvakare." Aiwa, kwete.

138 Pauro akaona izvozvi, Jesu ari mushongwe yoMwoto Chiedza, avo vaaiva navo havana kuzviona. Mazviona? Vachenjeri vakaona Nyeredzi, Chiedza chakavatungamirira, asi hapana mumwe akachiona. Ndezvavamwe. Izvi zvipo.

139 Mudzimai anonetseka mumhino dzake. Ndizvozvo. Uye munonzwa mwoyo zvakare. Ndizvozvo chaizvo. [Mudzimai anoti, "NgaAkudzwe! Hareruya! Ndinokutendai, Jesu! Hareruya!—Ed] Terera. Zita rako ndi, vanokudaidza kuti Essie. [Ndizvozvo.] Zita rako rokupedzisira ndiUpshire. ["Ndizvozvo Hama Branham"]. Munogara kuNorth Cleveland Street. Kero yenyu ndi 1264. Ndizvozvo chaizvo. ["Ndipo pandinogara."] Wa . . . Wabata chimwe chinhu, mudzimai. Unoziva hauna kubata ini.

140 Musikana akagara padyo nemi uyo, ari kunamatavo. Ari kunamatira mumwe munhu, ndiamai vake, mapapu avo haasi kuita zvakanaka. Munenge mune ukama nomudzimai akagara pano, uri muroora wavo. Zita rako ndiMagaret. Ndizvozvo. Munogara panzvimbo imwechete. Ndinokuonai muchiuya muchipinda.

141 Munofungei pamusoro pazvo, changamire, murume anotevera akagara apo? Munotenda here kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari? Munotenda? Kana Ishe akandizivisa dambudziko renyu, mungaMugamuchira here? Munonetseka nomudumbu. Ndizvozvo. Kana zvirizvo, simuka netsoka dzako. Ndizvozvo. Uri muparidzi.

Hongu, munoti, "Ari kutarira pambatya dzake dzoufundisi."

142 Zvakanaka, kunze kwaizvozvo, mumwe anokufungirai kuti muri muPresibhetirieni, asi muri muparidzi wePendekosti. Ndizvozvo. Ameni. Kuvhunduka kwenyu ndiko kwakakonzera maronda mudumbu. Kwaenda. Endai kumba mundopora hama, Ameni.

Ivai nokutenda muna Mwari! Musakahadzika.

143 Muri kufungei, imi makagara pano? Hongu. Munotenda here? Munotenda kuti ndiri muranda waMwari? Kana kuti munoda chimwe chinhu kubva kuna Mwari? Kana Mwari akandizivisa zvamunoda, munozotenda here kuti ndezvoMweya zviri kuitika? Munotenda kuti ndizvo chaizvo zvingataurwa naJesu here? Nomwoyo wenyu wose? Mune bundu, bundu racho riri pahudyu. Ndizvozvo. Uye munonzwa mudumbu zvakare, munokonzerwa nokuvhunduka-vhunduka. Ndizvozvo.

Zita renyu ndiEva May, Readman ndiro zita renyu rinotevera. Munogara pamugwagwa, 1378 West 13th Street. Ndizvozvo. Kuti muzive kuti ndiri muranda waMwari, uyo musikana akagara apo mwana wenyu mudiki. Muri kuda kuti anamatirwe. Musikana uyu mudiki anobuda ropa, zvinouya paari kana akafarisa uye kana akachema zvine simba. IZVANZI NAJEHOVA. Mukomana mudiki uyu ihanzvadzi yake. Ndizvozvo. Mukomana zvakare, munoda kuti anamatirwe. Anonetseka nokufufutirwa, uye ari kuonda mazuva anovo. Haasi here? IZVANZI NAJEHOVA.

144 Mudzimai wechichena akagara padyo nemi, anoita seari kunetseka nechimwe chinhu. Unotenda here, hanzvadzi? Unotenda here kuti Mwari Akatuma Mwanakomana Wake, Jesu Kristu, kuzotaura kuvaHedheni kuti kuuya Kwake kwava padyo? [Hanzvadzi inoti, "Hongu changamire—Ed.] Uri kunetseka nemwambabvu, uye zvakare nedambudziko roura, uye unovhunduka-vhunduka. Haubvi muguta rino. Unobva kuDetroit. Nhamba yako, paunogara, ndi 12134 Fandler Street. Ndizvozvo. Detroit, Michigan. Uri muTariyana Zita rako ndi Viola P-o-l-f. . . Polofmba. Uh-huh. Iva nokutenda kuna Mwari, ugamuchire zvaunokumbira.

145 Munofungei, kuzasi *kuno* uku? Munotenda nomwoyo wenyu wose here?

146 Ko iwe, mudzimai muduku akagara apo? Unotenda here nomwoyo wako wose, mudzimai mudiki ari kumucheto uko? Zvakanaka, chero mumwe wenyu, hazvina mhosva. Unofungei, iwe wakagarisana naye? Munotenda here nomwoyo wenyu wose, mai makagara, makanditarisa? Munofungei pamusoro pazvo? Munotenda here kuti Ishe Jesu angakuporesai pachirwere chetsinga chamunacho? Munotenda? Pamwe mungafunge izvi, mungatenda zvakanyanya kana ndikakuudzai kuti murume wenyu aiva nedambudziko renzeve. Munoda kuti anamatirwe. Ndizvozvo chaizvo. Zvino munonditenda here? Manga musingazvigamuchiri pakutanga. Zvakumutsai kuti muzvione, nokuti mawana kupora kwenyu ipapo.

147 Masumudza ruoko rwenyu, mudzimai anotevera wacho. Munofungei pamusoro pazvo? Munotenda kuti Mwari angakuporesai here? [Mudzimai anoti, "Ndinoziva anogona."—Ed.] Munotenda? Zvakanaka, saka chirwere chenyu anitsiritisi chichakusiyai.

148 Mafungei, changamire? Imi maninira maoko enyu. Munofunga Mwari angakuporesai padambudziko renyu romwoyo, kukupodzai? Munotenda kuti anozviita?

149 Imi makagara, makatarisa avo apo, munotendawo, zvakare? Munoda Mwari. . . Maiva nedambudziko remwoyowo, zvakare, handizvo here? Hongu. Maiva nechirwere cheshuga, zvakare. Ndizvozvo. Munotenda kuti Mwari anokuporesai here? Saka zvigamuchirei.

Hamutendi here? Ivai nokutenda muna Mwari!

150 Chii pasi kuno *uku*? Imi, changamire makagara kumucheto kwechigaro, munotenda? Munofanira, muchangoporeswa. Manga muine dambudziko regumbo handizvo here? Munotenda kuti Ishe Jesu . . . Asi muri kunamatira mumwe munhu ikozvino, mukoma wenyu. Ari kuWisconsin. Akavhiiwa zvino-zvino uno pamapapu, hafu yawo ikabviswa. Ndizvozvo. Munotenda? Nokudaro mungagamuchire zvamakumbira. Aiwa, Zita raIshe ngarikudzwe!

I will praise Him, I will praise Him,
Praise the Lamb for sinners slain;
Give Him glory all ye people,
For His Blood has washed away each stain.

151 Ishe makanaka, tichakuonai rimwe zuva muchiuya muMatenga. Tinoziva muri pano mumitumbi woMweya, ikozvino mazviratidza kwatiri. Nyika haigoni kuzviona Ishe. Hatitombotarisiri kuti ione nokuti Makati, "HavachazoNdioni." Asi tinoziva kuti muna vana vanogona kuKuonai. Tina vana vanoKuzivai. Zvino tinotenda naizvozvo.

152 Tinonamata zvino kuti Mupfuure nomuimba ino, noMweya Mutsvene, Mogopodza wose munhu anorwara muno. Zvino zviwanirei kukudzwa Ishe. Vanhu ngavasagara murufu, asi ngavasimuke vapenye, uye—uye vape kurumbidzwa nokubwinya kuna Mwari. MuZita raJesu.

153 Kana uchiMutenda, simuka netsoka dzako uMupe kurumbidza nomwoyo wako wose. Ugofara munaShe Jesu, nokuti Ari kuporesa mose zvino, kuti Iye apiwe Kubwinya Kukuru. Mwari akuropafadzei, Ameni.

CHINYORWA PAMADZIRO SHO58-0108
(The Handwriting On The Wall)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Chitatu manheru, Ndira 8, 1958, kuLane Tech High School muChicago, Illinois, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1990 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org